

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan dina ieu panalungtikan.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa Sunda mangrupa salah sahiji mata pelajaran anu diajarkeun di sakola salah sahijina di SMP. Dina pangajaran basa Sunda di SMP aya opat kaparigelan basa nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Salah sahiji kaparigelan basa nu kudu kacangking ku siswa nyaéta kaparigelan nulis. Nurutkeun Dalman dina Rini (2017, kc. 4) nulis nyaéta hiji kagiatan komunikasi mangrupa nepikeun pesen (informasi) sacara tinulis ka pihak séjén ku cara ngagunakeun basa tinulis salaku alat atawa médiana. Kurikulum 2013 anu basisna téks meredih siswa sangkan miboga kamampuh nulis anu hadé. Ayana kompetensi nulis bakal nyiptakeun siswa anu kalatih dina nepikeun idé, pikiran, sarta informasi dina wacana tinulis saperti téks déskripsi, narasi, éksposisi, persuasi jeung arguméntasi, ringkesan laporan, karya ilmiah, proposal jeung makalah (Kemendikbud, 2014 dina Putri, spk., 2021, kc. 46).

Dina kaparigelan nulis tangtu mikabutuh ayana élmuning basa, ari basa nurutkeun Fadillah (2014, kc. 4) kacida pentingna dina nepikeun informasi atawa pesen ti hiji jalma ka jalma séjén. Salah sahiji cabang élmuning basa téh nyaéta sintaksis. Sintaksis mangrupa bagéan tina ambahan tata basa. Ari tata basa nyaéta hiji téori nu mangrupa patokan umum ngeunaan cara dipakéna basa sarta kumaha ngatur pamakéan basa ku masarakat basa (Kuswari jeung Hernawan 2014, kc. 1). Chaer dina Sapanti (2019, kc. 147) nétélakeun yén subsistem sintaksis nyaritakeun ngeunaan nataan jeung ngatur kekecapan kana unit-unit nu leuwih gedé. Éta unit-unit sintaksis téh nyaéta kecap, frasa, klausa, kalimah, jeung wacana. Sudaryat spk. (2013, kc. 155) nétélakeun yén sintaksis mangrupa sinonim tina tata kalimah. Ku kituna, nurutkeun etimologisna, sintaksis atawa tata kalimah

téh miboga harti nempatkeun kecap-kecap dina hiji waktu tuluy jadi hiji kantétan kecap sarta kantétan-kantétan kecap jadi hiji kalimah. Teu jauh saperti pamadegan saméméhna, nurutkeun Ramlan (2005, kc. 18) sintaksis mangrupa bagéan tina élmuning basa nu ngaguar ngeunaan wacana, kalimah, klausa, jeung frasa.

Ku kituna, éta satuan-satuan sintaksis kudu kacangking ku siswa sangkan miboga kaparigelan dina nulis. Salah sahiji nu kudu kacangking nyaéta frasa, ku kituna pamahaman ngeunaan frasa kudu aya dina diri siswa sangkan siswa bisa nyieun kalimah nu bener ogé éféktif dina nyusun hiji téks atawa karangan. Salah sahiji tulisan nu kudu disusun ku siswa nyaéta artikel.

Artikel mangrupa tulisan anu eusina ngeunaan hiji pasualan atawa peristiwa. Artikel dijieun pikeun nepikeun hiji gagasan ogé fakta anu informatif, ngadidik, sarta ngahibur. Eusi tina artikel ogé bisa mangrupa opini atawa hal-hal subjéktif ti panulisna kalawan didadasaran ku data anu valid saperti hasil panalungtikan atawa téori jeung fakta nu geus aya. Ayana pangajaran nulis artikel di sakola tangtu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa. Dina prakrakanna, saacan siswa nulis hiji artikel tangtu siswa kudu ngalakukeun hiji observasi kana hal nu rék ditulisna. Éta observasi tangtu béda-béda, salasahijina ku cara loba maca sumber atawa référénsi tinulis. Ku kituna, ieu kagiatan nulis artikel lain saukur ngaronjatkeun kamampuh nulis tapi ogé bisa numuwuhkeun jeung ngaronjatkeun minat sarta kamampuh siswa dina maca.

Dumasar kana survei mimiti anu dilaksanakeun ping 23 Pébuari 2022 di SMP Negeri 2 Bandung katitén aya dua hal anu jadi tinimbangan panalungtik. Kahiji, katitén yén kamampuh nulis siswa kelas VIII masih kurang, katitén tina struktur jeung kekecapan anu teu merenah. Siswa katitén can bisa ngabédakeun kecap kantétan jeung rarangkén. Sakuduna kelas VIII geus ngarti kana kumaha nulis maké struktur anu merenah ditingali tina KD 4 pangajaran artikel anu unina *“Menyajikan dan menanggapi artikel bertema seni budaya dengan memperhatikan fungsi sosial, serta struktur dan aspek kebahasaan.”*. Salian ti éta, siswa ogé katitén teu biasa dina ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoéna nu antukna mangaruhan kana kamampuh siswa dina nulis ogé maham

kana konsép dasar tata basa Sunda. Kadua, kapanggih dina tulisan artikel siswa aya pola adegan frasa anu teu saluyu jeung tiori anu aya.

Dumasar kana hal nu ditepikeun di luhur, panalungtik kairut pikeun nganalisis frasa-frasa anu aya dina artikel siswa hususna kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung. Panalungtik milih frasa dina artikel sabab tina éta sumber data bisa katingali sakumaha kamampuh siswa kelas VIII SMP Negeri 2 Bandung dina nyusun hiji téks artikel, ogé sabab artikel hususna dina artikel ilmiah populér biasana ngagunakeun kekecapan anu basajan. Ku kituna, artikel dianggap bisa méré jawaban nu jelas ogé pasti ngeunaan kumaha basa nu sok dipaké ku siswa dina karya tulis. Pikeun mantuan panalungtik dina ngaguar ieu pasualan tangtu kudu ngagunakeun péso panalungtikan anu luyu, ku kituna ulikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ulikan struktur jeung semantik. Ieu ulikan digunakeun ditingali tina téori anu ditétélakeun ku Sudaryat spk. (2013, kc. 155) anu ngahartikeun yén tata kalimah atawa sintaksis téh mangrupa (1) ulikan ngeunaan pola-pola nyusun kecap jadi kalimah, (2) pedaran ngeunaan wangun basa anu bébas, jeung (3) pedaran ngeunaan tanda-tanda basa anu dipaké pikeun ngébréhkeun tatali harti antarkecap dina kalimah.

Pikeun jadi sumber ogé référénsi dina ieu panalungtikan, tangtu aya panalungtikan séjén anu ngarojong. Panalungtikan ngeunaan frasa lain hal anyar lantaran aya panalungtikan saméméhna, di antara waé, “Wanda Frasa Éndoséntrik dina Kumpulan Carita Pondok *Nu Harayang Dihargaan* Karangan Darpan” (Anggi Fadillah, 2014), dina ieu panalungtikan ngaguar kelompok frasa éndoséntrik nu nyampak, adegan, sarta patali harti antarunsur pangwangunna; “Frasa Éksoséntrik dina Novél *Kembang Kembang Petingan* Karya Hilisoh M,É (Ulikan Struktur jeung Semantik)” (Leni Maryanika, 2019), ieu panalungtikan ngaguar kumaha wanda, adegan, sarta patali harti antarunsur frasa éksoséntrik dina éta novél; “Adegan Frasa Sifat dina Novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* Karya MH. Rustandi Kartakusumah (Ulikan Struktural jeung Semantik)” (Elih Halimatus Sa’diyah, 2020), nu ngaguar ngeunaan wanda frasa sifat jeung patali harti antarunsur frasa sifat dina éta novel; jeung “Analisis Frasa pada Surat Kabar Harian Rakyat Bengkulu” (Seri Melani, spk., 2019), dina

panalungtikanna ngadéskripsikeun golongan sarta struktur frasa éndoséntrik jeung éksoséntrik dina surat kabar Harian Rakyat Bengkulu. Éta panalungtikan téh ngulik ngeunaan frasa dina karya sastra saperti kumpulan carpon jeung novél jeung frasa dina média massa.

Sanajan panalungtikan ngeunaan frasa geus dilakukeun ogé ngaguar ngeunaan wanda, adegan, sarta ma'na tina éta frasa, tangtu teu jadi alesan pikeun panalungtik teu ngaguar deui ngeunaan frasa. Panalungtik nitén yén ieu panalungtikan aya bédana jeung panalungtikan saméméhna. Katitén can kapanggih panalungtikan anu ngaguar frasa éksoséntrik dina artikel ilmiah populér siswa dina basa Sunda. Salian ti éta, pola adegan frasa dina panalungtikan saméméhna leuwih fokus kana unsur aksis. Sedengkeun dina ieu panalungtikan leuwih fokus kana unsur kahiji salaku panandana. Ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweuuh kabasaan ogé mantuan kana kualitas sarta kamampuh nulis siswa di sakola. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Frasa Éksoséntris dina Artikel Siswa Kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung Taun Ajaran 2021/2022 (Ulikan Struktur jeung Semantik) penting jeung perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan nu diébréhkeun di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Wanda frasa éksoséntris naon waé anu nyampak dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung?
- b. Kumaha adegan frasa éksoséntrik dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung?
- c. Kumaha ma'na gramatikal frasa éksoséntrik dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

Wina Wulandari, 2022

FRASA ÉKSOSÉNTRIS DINA ARTIKEL SISWA KELAS VIII F SMP NEGERI 2 BANDUNG TAUN AJARAN 2021/2022 (Ulikan Struktur jeung Semantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.1 Tujuan Umum

Saluyu jeung kasang tukang ogé rumusan masalah nu geus diébréhkeun, ieu panalungtikan boga tujuan sacara umum pikeun maluruh frasa éksoséntrik dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. wanda frasa éksoséntrik dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung;
- b. adegan frasa éksoséntrik dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung; jeung
- c. ma'na gramatikal frasa éksoséntrik dina artikel siswa kelas VIII F SMP Negeri 2 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat dina jadi référénsi sarta bahan informasi ngeunaan wanda frasa nyaéta frasa éksoséntris salaku unsur basa anu sok dipaké dina nepikeun hiji maksud atawa gagasan hususna ku panulis dina tulisan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun siswa, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi référénsi ngeunaan frasa anu dipaké dina nulis artikel sarta jadi bahan dina ngeuyeuban deui léksikon dina nulis hiji artikel. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis hiji karya ilmiah ngagunakeun susunan kalimah anu bener jeung éféktif.

- b. Pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi bahan évaluasieun sangkan guru bisa ngabebeulah kekecapan nu dipaké siswa dina nulis artikel minangka ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.
- c. Pikeun sakola, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun alesan minangka upaya dina ngaronjatkeun kualitas pangajaran, mutu sakola, guru sarta sakola.
- d. Pikeun panalungtik, dipiharep ieu panalungtikann jadi uji coba sarta nambahan pangaweruh ngeunaan frasa salaku dasar dina nalungtik leuwih teleb sarta ngalarapkeun kana pangajaran nulis.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan ngawengku lima bab, dina Bab I Bubuka dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori ogé konsép anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan. Éta tiori jeung konsép téh ngawengku hakékat frasa, wanda frasa, adegan frasa éksoséntrik, ma'na gramatikal anu muncul dina frasa éksoséntrik, hakékat artikel, sarta konsép dasar artikel ilmiah populér. Salian ti éta, dipedar ogé perkara péso panalungtikanana nyaéta ulikan struktural jeung semantik.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan. Eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, sarta instrumen panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, ngadéskripsikeun hasil analisis nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, ngawengku wanda frasa éksoséntrik, adegan frasa éksoséntrik, sarta ma'na gramatikal anu muncul dina unggal frasa éksoséntrik nu nyampak dina artikel siswa.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, ditambahan ku implikasi atawa akibat langsung tina hasil ieu panalungtikan, sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna anu garapanana sarua sangkan bisa leuwih maksimal.

Wina Wulandari, 2022

FRASA ÉKSOSÉNTRIS DINA ARTIKEL SISWA KELAS VIII F SMP NEGERI 2 BANDUNG TAUN AJARAN 2021/2022 (Ulikan Struktur jeung Semantik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu